



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 21 mar 2013

### **GOUVÈNÈ CUOMO AK DIRIJAN LEJISLATIF YO PREZANTE YON AKÒ SOU BIDJÈ 2013-14**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Ko-Dirijan Kowalisyon Majorite Sena, Dean Skelos ak Jeff Klein, ak Pòt-Pawòl Asanble a, Sheldon Silver, te prezante jodi a akò sou Bidjè 2013-14.

Bidjè toujou rete objektif eta a sou kwasans ekonomik avèk yon seri pwojè pou kreye anpil djòb ak kwasans ekonomi an tankou nouvo diminyasyon nan taks pou ti biznis yo, yon nouvo kredi fiskal \$350 pou chal fanmi klas mwayèn nan, gwo envestisman ak refòm nan edikasyon, ak yon ogmantasyon nan salè minimòm nan pou vin \$9 pa èdtan.

Avèk akò sa a, Bidjè a sou wout pou pase anpil jou anvan dat limit 1ye avril la, avèk posiblite pou li se premye bidjè eta a depi ane 1976 ak premye fwa New York te gen twa bidjè youn-apre-lòt alè depi ane 1984.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Akò sa a sou bidjè a ap mete New York sou chemen pou gen twazyèm bidjè alè, ki ekilibre epi ki kenbe ogmantasyon yo nan depans yo anba 2 pousan, pandan l ap invest nan ekonomi nou an pou kreye anpil djòb ak diminye taks yo pou fanmi klas mwayèn an ak ti biznis yo. Bidjè sa a reprezante gwo pwogrè ki te fèt nan Albany epi li montre gouvènman Eta New York tounèf la yon fwa ankò ap travay pou moun ki nan eta sa a. Nan dènye dezan yo, eta nou an te gen anpil defi, avèk depans yo ki rete menm jan ak ogmantasyon taks k ap kouri dèyè biznis ak moun ki nan eta nou an ak anpil eskandal ki fè gouvènman nou an vin yon maryonèt nan emisyon televizyon byen ta leswa. Jodi a, Eta New York kreye anpil ak yon pakèt djòb nan sektè prive a, pou louvri pòt pou nouvo ti biznis yo, pou diminye taks yo pou fanmi klas mwayèn yo nan nivo ki pi ba yo nan swasant ane, epitou pou fè envestisman ak refòm nan edikasyon tankou sa pa t janm fèt anvan. Menmsi toujou gen plis travay pou fè, akò jodi a montre kijan New York ap vanse ak monte yon fwa ankò.”

Ko-Dirijan Kowalisyon Majorite Sena a, Dean Skelos, di konsa, “Mwen kontan paske nou jwenn akò a sou yon bidjè responsab ki gen ladan priyorite repibliken ki la depi lontan pou kreye anpil nouvo djòb ak diminye taks yo pou fanmi klas mwayèn nan k ap travay di yo. Nan bidjè sa a, n ap bay yon chèk \$350 nan Soulajman Taks Fanmi pou fanmi ki gen timoun, n ap ofri prim ankourajman pou ede ti biznis yo kreye nouvo djòb, epitou n ap elimine frè anplis pou taks nan enèji nan pwochen twazan yo, tout pwojè yo endike nan konferans repibliken Sena a pandan tout pwosesis bidjè a. Nan jou k ap vini yo, nou pral finalize vòt premye bidjè eta a nan plis pase 30 ane, twazyèm premye bidjè nou youn-apre-lòt. Mwen di

Haitian Creole

Gouvènè a mèsì pou kalite dirijan li, epi mwen bat bravo pou Prezidan Komite Finans Sena a, John DeFrancisco, Ko-Dirijan Kowalisyon mwen, Senatè Jeff Klein, komite dirijan Asanble a ak tout kamarad mwen yo pou travay di yo.”

Ko-Dirijan Kowalisyon Majorite Sena a ak Dirijan Konferans Demokratik Endepandan, Senatè Jeffrey D. Klein, di konsa, “Sa a se bidjè ki anfavè klas mwayèn nan pi plis nan yon jenerasyon. Lè nou te fòme kowalisyon san patipri a nan dènye mwa desanm nan, nou te pwomèt travayè ki pa touche ase lajan yo nou ta vote yon gwo ogmantasyon nan salè minimòm nan. Jodi a, nou respekte pwomès sa a epi nou ogmante salè minimòm nan menm pi wo pase nenpòt moun te panse li posib nan sèlman twa mwa. Akò sou bidjè a se yon gwo pa annavan pou fanmi yo ki toupatou nan New York. Non sèlman nou bay travayè ki touche salè minimòm yo ogmantasyon yo merite—men tou nou mete vrè lajan an nan pòch fanmi ki bezwen li toutbon. Pou senk dènye ane yo, nou te mande fanmi klas mwayèn yo pou fè plis bagay avèk mwens lajan. Jodi a, nou finalman bay yo sekou lè nou bay yon chèk \$350 dola pou chak grenn nan fanmi sa yo. Nan dènye dezan yo, nou te diminye taks klas mwayèn nan pou mete yo nan nivo ki pi ba a nan swasant ane. Jodi a, mwen fyè pou anonse menm tarif fiskal ba sa yo sou klas mwayèn nan isit la pou rete. Mwen kontan tou pou anonse avèk akò jodi a, IDC ap kontinye angajman li pou ede veteran ki retounen yo jwenn travay rekonpans lè yo vini lakay yo. Lè nou bay yon kredi fiskal pou biznis ki anboche youn nan ewo eta nou an, mwen konnen n ap bese gwo to chomaj ki inakseptab la pami veteran New York yo.”

Pòt-Pawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Mwen kontan paske Gouvènè a ak Lejislati a jwenn akò sou yon bidjè ki konsidere priorite prensipal Majorite Asanble a pou ogmante salè minimòm nan, asire swen ak byennèt popilasyon frajil nou yo, ankouraje kreyasyon djòb, epi garanti yon bon edikasyon pou timoun nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak kamarad mwen yo nan Asanble a ak Sena a pou travay di yo ak pou angajman yo nan yon akò byen bonè sou bidjè a.”

### **Kreyasyon Djòb ak Diminisyon Taks yo – Pwojè Enpòtan pou Devlopman Ekonomik:**

**Yon Bidjè Ekilibre yon Sèl Fwa Envesti nan Kreyasyon Djòb Epi Li Diminye Taks yo:** Bidjè a elimine yon diferans \$1,3 milya dola san taks oswa frè. Eta New York pa t gen twa bidjè youn-apre-lòt yon sèl fwa oswa bonè konsa depi ane 1984, epi li pa t gen yon bidjè ki sou wout pou pase anvan dat limit sa a depi ane 1976.

**Diminisyon Taks yo pou Fanmi Klas Mwayèn yo:** Pou rekonèt kontribiyab New York yo t ap peye twòp taks pandan twò lontan, Bidjè a gen ladan \$1,125 milya dola nan nouvo diminisyon taks pou fanmi klas mwayèn yo sou twazan. Fanmi ki gen revni ant \$40.000 dola ak \$300.000 dola ak kalifye pou resevwa yon nouvo kredi fiskal \$350 pou timoun chak ane pandan twazan, apati ane 2014.

**Rediksyon Taks pou Ti Biznis yo:** Pou bay soulajman fiskal pou biznis k ap kreye djòb nan New York, Bidjè a gen ladan prèske \$800 milyon dola nan soulajman fiskal pou biznis New York sou twazan. Avèk soulajman fiskal sa a, Bidjè a rekonèt rediksyon taks yo voye yon mesaj pozitif pou sektè prive a pou fè yo konnen New York louvri pou biznis epi l ap ede chanje repitasyon New York ki la depi lontan kòm kapital fiskal nasyon an.

**Kredi Taks pou Anbochaj:** Pou ede sòlda New York ki retounen yo ak jèn moun yo jwenn travay, Bidjè a gen ladan yon kredi fiskal pèmanan pou anbochaj Veteran yo, ak \$181 milyon dola nan kredi fiskal sou twazan pou biznis ki anboche jèn moun yo.

**Rediksyon Depans ak Fòmalitye Administratif pou Biznis yo:** Pou redui gwo fado asirans chomaj ak konpansasyon travayè, Bidjè a modènize ak senplifye toulède sistèm yo pou bay patwon yo \$1,3 milya dola nan ekonomi lajan san sa pa afekte avantaj travayè yo.

**Investisman nan Ekonomi Demen an:** Bidjè a bay premye finansman an pou lanse pwogram *Innovation Hot Spots* ki pral kreye oswa deziyen dis enkibatè teknik avanse nan lokal ki afilye avèk enstitisyon edikasyon siperyè pou ankouraje kwasans sektè prive a; yon Fon Kapital Antrepriz Inovasyon pou \$50 Milyon Dola *Fon Kapital Antrepriz Inovasyon* pou k ap bay sipò enpòtan ak finansman etap final pou bay avantaj pou fòmasyon nouvo biznis ak kwasans nan Eta New York, epitou pou fasilite tranzisyon nan lide ak rechèch pou pwodui yo ka vann sou mache a.

**Fòmasyon Mendèv la pou Jwenn Djòb:** Fòmasyon mendèv New York la nan yon diferan epòk epi yon pwogram fòmasyon jenerik pou jwenn djòb pa adapte avèk ekonomi jodi a. Bidjè a pran avantaj nan opòtinite yon estimasyon 210.000 pòs travay ki vid nan eta a lè li ajoute \$5 milyon dola pou *Pwogram Koneksyon Pwochen Jenerasyon an avèk Djòb* k ap travay avèk patwon yo pou: idantifye djòb la; defini konpetans lan; epi bay fòmasyon an pou sa.

**Pwoteksyon Anviwònman an ak Kreyasyon Djòb Ekolojik:** Bidjè a ogmante sipò pou Fon Pwoteksyon Anviwònman an, ak pwogram Kominote ki Pi Pwòp ak Pi Ekolojik, pou lanse nouvo pwojè nan eta a kote toulède ap kreye djòb ekolojik ak pwoteje anviwònman natirèl New York.

**Avantaj sou Sikse Konsèy Rejyonal yo:** Bidjè a gen ladan yon twazyèm seri Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ki gen ladan \$150 milyon dola nan nouvo finansman ak \$70 milyon dola nan kredi fiskal.

**Pwomosyon Touris nan Pati Nò Eta a ak Agrikilti avèk Pwojè *Market NY*:** Pou sipòte touris epi pou pi byen vann manje ak pwodui yo fè nan New York, Bidjè a lanse pwojè *Market NY*.

**Kanpis SUNY ak CUNY ki Alatèt Kreyasyon Djòb Sektè Prive a:** Bidjè a gen ladan yon twazyèm seri pwogram SUNY 2020 epi li lanse pwogram CUNY 2020 pou bay sibvansyon konpetitif pou pwojè ki konekte devlopman ekonomik ak ekselans akademik. **(\$110 milyon dola)**

### **Investisman ak Refòm nan Edikasyon**

**Ogmantasyon Finansman pou Edikasyon:** Bidjè a montre objektif Eta New York sou kreyasyon yon sistèm edikasyon premye klas k ap prepare tout elèv New York yo nèt pou fè konpetisyon nan ekonomi 21yèm syèk la. Pou reyalize objektif la, Bidjè a gen ladan yon ogmantasyon prèske \$1 milya dola nan èd pou edikasyon.

**Agrandisman Pwogram nan Klas Pre-Matènèl:** Pou rekonèt kalite edikasyon bonè enpòtan pou siksè alontèm epi timoun ki ale nan lekòl pre-matènèl tout lajounen souvan pa bay menm pèfòmans avèk kamarad yo, Bidjè a bay envestisman siplemantè nan klas pre-matènèl avèk yon objektif sou klas pre-matènèl kalite siperyè tout lajounen. Finansman an deziyen pou elèv ki gen anpil bezwen nan distri lekòl ki mwen rich yo nan yon pwosesis konpetitif. **(\$25 milyon dola)**

**Ogmantasyon Eta a ki Konekte avèk Evalyasyon Pwofesè yo:** Pou fè New York toujou rete premye eta nan fè pwofesè yo responsab pou siksè elèv yo, Bidjè a kontinye asosye ogmantasyon yo nan finansman edikasyon an avèk aplikasyon yon sistèm evalyasyon pwofesè. Okenn evalyasyon pwofesè pa vle di okenn ogmantasyon eta a.

**Plis Tan pou Aprantisaj:** Kalandriye edikasyon nou genyen an toujou baze sou yon sistèm agrè ak reta Etazini dèyè lòt peyi an fonksyon kantite tan elèv yo pase nan salklas la. Pou kapab bay plis opòtinite pou aprantisaj, Bidjè a ap sipòte pwogram kalite siperyè nan jounen lekòl pi long oswa pwogram ane lekòl pi long, avèk pwogram ki avanse sou plan akademik. Lekòl ki aplike pou patisipe nan pwogram nan dwe dakò pou ogmante aprantisaj la a 25 pousan. Eta ap garanti tout depans ogmantasyon tan aprantisaj la pou elèv yo. **(\$20 milyon dola)**

**Lekòl Kominotè yo:** Pou rekonèt yon lekòl pa sòl pa sèlman yon “lekòl” nan kominote ki gen pwoblèm yo, epi demann lekòl nan distri ki pi rich yo diferan avèk demann nan distri ki mwen rich yo, Bidjè a ap sipòte yon pwogram tounèf ki deziyen pou chanje lekòl yo an sant kominotè ki entegre sèvis sosyal, sèvis sante a lòt sèvis, ansanm avèk pwogram apre-lekòl pou sipòte elèv yo ak fanmi yo. **(\$15 milyon dola)**

**Rekonpanse Pwofesè ki Gen Pèfòmans Siperyè:** Pou amelyore rezilta ak bay prim ankourajman pou pèfòmans siperyè, Bidjè a mete anplas yon pwogram k ap ofri \$15.000 dola nan salè chak ane pou katran pou pwofesè ki pi efikas yo k ap kòmanse avèk pwofesè matematik ak pwofesè syans yo. **(\$11 milyon dola)**

**Pwogram Lekòl Segondè Bonè pou Kolèj:** Pou amelyore aksè ak siksè nan kolèj, Bidjè a bay nouvo finansman eta a pou ogmante pwogram Early College High School yo. **(\$4 milyon dola)**

**Egzamen Bawo pou Pwofesè yo:** Pou asire pi bon ak pi briyan pwofesè yo anseye timoun nou yo, Depatman Edikasyon Eta a ap ogmante prensip pou sètifikasyon pwofesè yo pou egzije pasaj yon “egzamen bawo” anplis eksperyans ansèyman elèv yo ki pi long, pi entansif ak kalite siperyè nan yon anviwònman lekòl.

**Lòt Aksyon Bidjè a ak Aksyon Lejislatif:**

**Ogmantasyon Salè Minimòm nan:** Pou rekonèt salè minimòm New York pa ase epi 19 lòt eta gen pi gwo salè minimòm pase New York, Bidjè a ogmante salè minimòm nan ki te \$7,25/èdtan pou mete li a \$9,00/èdtan sou twazan, k ap kòmanse avèk \$8,00 dola nan fen ane 2013, \$8,75 dola nan fen ane 2014, ak \$9,00 dola nan fen ane 2015.

**Pou Bese ak Elimine Evalyasyon Sèvis Piblik 18-a Ofi-Amezi:** Evalyasyon Sèvis Piblik Pwovizwa sou kouran elektrik, gaz, dlo ak sèvis vapè ta fèmen ofi-amezi sou twazan apati ane 2014-15.

**Pwogram Estabilizasyon Pansyon:** Bidjè a gen ladan yon Pwogram Estabilizasyon Pansyon yo Biwo Kontwolè Finansye a te aksepte pou gouvènman lokal yo jwenn soulajman akoutèm pandan ekonomi lajan Nivo Vi ap kòmanse anvigè.

**Refòm nan Komisyon Sèvis Piblik:** Bidjè a gen ladan yon kantite refòm Komisyon Moreland te rekòmande pou bay Komisyon Sèvis Piblik la plis otorite sou sèvis piblik eta a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418